



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA FAZ II ETID SOU TÈS ANTIKÒ A MONTRE 14.9% NAN POPILASYON AN GEN ANTIKÒ COVID-19 YO

Eta a ap devlope sondaj sou tès antikò pou teste ofisye FDNY ak NYPD yo, travayè swen sante ak travayè transpò piblik yo

Eta a ap ouvri senk nouvo sant tès sou volan nan konte Monroe, Erie, Broome, Niagara ak Oneida

Eta a ap bay 25 milyon dola pou bank alimantè ak founisè ki pi afekte pa COVID-19 la

Anonse Inisyativ Nourish New York la pou achte manje ak pwodui nan jaden nan Nò Eta a epi dirije yo nan bank alimantè atravè Eta a

Yo te distribye de milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean nan tout 62 konte yo

Konfime 3,951 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 291,996; gen nouvo ka nan 43 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse rezilta dezyèm faz sondaj tès antikò eta a. Rezilta preliminè yo montre 14.9 pousan nan popilasyon an gen antikò COVID-19 yo. Rezilta preliminè premye faz sondaj sou tès antikò eta a ki te pibliye nan dat 23 avril la te montre 13.9 pousan popilasyon an genyen antikò COVID-19.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap devlope sondaj sou tès antikò li a k ap kòmanse jodi a pou detèmine pwopagasyon enfeksyon an pami travayè premye liy ak sekouris yo pi plis. Eta a ap teste 1,000 ofisye Depatman Ponpye Vil New York (New York City Fire Department) ak 1,000 ofisye Depatman Polis Vil New York (New York City Police Department) nan tout senk minisipalite yo, e semèn sa l ap teste 3,000 travayè swen sante ak 1,000 travayè transpò piblik pou antikò.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap ouvri senk nouvo sant tès sou volan nan konte Monroe, Erie, Broome, Niagara ak Oneida. Nan samdi, eta a elaji dyagnostik pou enkli tout premye sekouris, travayè swen sante ak travayè esansyèl yo menm si yo pa gen sentòm. Y ap kapab teste moun sa yo pou COVID-19 nan nouvo etablisman sou volan

sa yo. Rezidan ki ta renmen teste nan etablisman sa yo dwe pran yon randevou lè yo rele 888-364-3065 oubyen anliy sou www.covid19screening.health.ny.gov.

Nan kad yon gwo vag demand nan bank alimantè atravè eta a, Gouvènè a te anonse tou eta a ap bay 25 milyon dola ki soti nan fon ijans sante piblik espesyal eta a pou bank alimantè ak founisè ki pi afekte pa COVID-19 la. Eta a ap mande tout filantwòf tou ki ta renmen ede bank alimantè yo pou kontakte Fran Barrett, Direktè òganis san bi likratif COVIDPhilanthropies@exec.ny.gov.

Gouvènè a te anonse tou lansman Inisyativ Nourish New York la (Nouri New York) pou achte manje ak pwodui ki soti nan jaden nan Nò Eta a epi dirije yo bay bank alimantè atravè eta a. Eta a ap fè patenarya tou ak pwodiktè pwodui letye eta a - Chobani, Dairy Farmers of America, Upstate Niagara, Cabot Cheese ak lòt - pou trete lèt anplis an pwodui tankou yogout, fwomaj, krèm frèch, ak fwomaj krèm, k ap distribye bay bank alimantè ak sila ki nan bezwen yo. Inisyativ Nourish New York la dirije pa:

- Kelly Cummings, Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta a
- Richard Ball, Komisè Agrikilti a
- Sekretè Eta a Rossana Rosado
- Karim Camara, Direktè Egzekitif Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl (Office of Faith-Based Community Development Services)
- Fran Barrett, Direktè Òganis San Bi Likratif
- Mike Hein, Komisyone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance)

Gouvènè a te anonse tou ke yo te distribye de milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean nan tout 62 konte yo jiska dat jodi a. Yo te distribye dezenfektan pou men nan lopital, mezon retrèt, bank alimantè, moun k ap manyen manje, Lakwa Wouj, sekouris, lekòl ak inivèsite, travayè swen sante, òganizasyon pou sanzabri, fòs lòd, sendika, sistèm transpò ak òganizasyon konfesyonèl yo.

"Si nou retounen nan listwa, kèk fwa fòk genyen yon kriz pou reveye moun, e lè sa rive pou n re-ouvri eta a, nou dwe itilize moman sa pou re-imagine yon nouvou New York epi se pou n entelijan epi grandi de eksperyans sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Règleman NYS nan POZ yo ap ekspire nan tout eta a nan dat 15 me, e kèk rejyon ka prè pou re-ouvri nan moman sa, men nou dwe entelijan pa rapò ak sa epi asire chak izin ak biznis ap pran prekosyon anplas ki nesèsè yo pou to enfeksyon an pa remonte. Tès antikò ak dyagnostik la ap yon eleman kle nan re-ouvèti pa faz la paske sa di nou ki moun ki te enfekte e ki geri kounye a, ak to enfeksyon jeneral atravè eta a."

Finalman, Gouvènè a te konfime 3,951 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 291,996 ka konfime nan Eta New York. Nan total 291,996 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	979	31
Allegany	35	0
Broome	261	4

Cattaraugus	45	0
Cayuga	48	1
Chautauqua	30	1
Chemung	108	2
Chenango	95	2
Clinton	59	2
Columbia	146	3
Cortland	28	0
Delaware	58	0
Dutchess	2,793	64
Erie	3,021	67
Essex	24	0
Franklin	14	0
Fulton	62	0
Genesee	148	4
Greene	111	1
Hamilton	3	0
Herkimer	58	1
Jefferson	60	0
Lewis	9	0
Livingston	62	2
Madison	124	1
Monroe	1,331	15
Montgomery	47	0
Nassau	34,865	343
Niagara	378	10
NYC	160,489	2,231
Oneida	397	13
Onondaga	726	34
Ontario	86	2
Orange	8,238	132
Orleans	80	0
Oswego	61	0
Otsego	62	2
Putnam	925	21
Rensselaer	246	4
Rockland	11,366	110
Saratoga	336	6

Schenectady	457	8
Schoharie	35	0
Schuyler	7	0
Seneca	38	0
St. Lawrence	169	2
Steuben	209	2
Suffolk	32,470	411
Sullivan	748	24
Tioga	71	0
Tompkins	126	0
Ulster	1,219	29
Warren	147	12
Washington	130	3
Wayne	69	4
Westchester	28,007	343
Wyoming	63	4
Yates	17	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)